

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina ngawawancara saméméh jeung sabada ngagunakeun SMBT. Bisa dicindekkeun ieu di handap.

Kamampuh ngawawancara siswa kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung saméméh jeung sanggeus make SMBT jadi ngaronjat. Ditingali tina bédha rata-rata skor *prates* jeung *pascates*. Skor *prates* 29,27 jadi 45,27 kalawan bédha 12,00. Salian ti éta, katitén ogé tina rata-rata peunteun *prates* jeung *pascates* tina 49,47 jadi 75,53 kalawan bédha 26,06.

Bisa dibedakeun ogé anu signifikan antara kamampuh ngawawancara siswa kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun SMBT. Hal ieu bisa katitén tina uji gain anu rata-rata gainna nya éta 26,07. Uji hipotésis nu meunangkeun hasil  $t_{itung}$  di luhur,  $t_{itung}$  nya éta 19,75. Sedengkeun hasil  $t_{tabéel}$  dina tarap kapercayaan 99% nya kalawan dk 30, nya éta 2,46. Uji hipotésis di luhur nétélakeun yén  $t_{itung} > t_{tabéel}$  nya éta  $19,75 > 2,46$ . Ku kituna, bisa dicindekkeun yén hipotésis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak. Hal ieu nuduhkeun yén SMBT signifikan tur bisa ngaronjatkeun kamampuh ngawawancara siswa kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung.

#### **5.2 Rékoméndasi**

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran wawancara, ditétélakeun yén hasil té awal jeung té akhir téh aya bédha anu signifikan. Ku kituna, panalungtik ngarékoméndasikeun ka guru-guru basa Sunda di Jawa Barat sangkan

ngagunakeun *strategi modeling berbasis teks* sabab bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun guru dina pangajaran wawancara, lantaran kabuktian éfektif.

Ayana panalungtikan ngeunaan SMBT dina matéri pangajaran lianna pikeun leuwih ngabuktikeyun ka éfektifan éta model pangajaran, Ku kituna disarankeun ka:

1. guru

Guru kudu kréatif dina milih modél pangajaran anu cocok pikeun ngajardeun materi. Ieu hal pikeun ngirut ati siswa dina diajar basa Sunda;

2. Siswa

salaku upaya ngaronjatkeun motivasi diajar siswa nalika diajar basa Sunda, antukna bias ngaronjatkeun hasil diajar siswa sewang-sewangan; jeung

3. panalungtik

Panalungtik masih loba kakuranganana. Ku kituna, panalungtik miharep ayana panalungtikan ngeunaan pangajaran wawancara ngagunakeun SMBT anu ambahanna leuwih jembar.

